

# GID PREPARASYON POU KATASTWOF NATIRÈL



EN  
ANGLE

DISPONIB TOU AN:

Español  
中文  
Filipino  
Tiếng Việt  
한국어  
Lus Hmoob



LISTOS CALIFORNIA:  
[ListosCalifornia.org](http://ListosCalifornia.org)



BIWO SÈVIS IJANS  
GOUVÈNÈ A:  
[CalOES.ca.gov](http://CalOES.ca.gov)



BIWO GOUVÈNÈ  
KALIFÒNI AN:  
[Gov.ca.gov](http://Gov.ca.gov)



# MEZI SEKIRITE POU NENPÒT KATASTWÒF NATIRÈL

1.

Resevwa alèt  
pou konnen  
sa pou w fè.



2.

Fè yon plan  
pou pwoteje  
moun ou yo.



3.

Prepare yon  
Valiz pou  
Deplasman ki  
gen bagay ou  
bezwen.



4.

Prepare yon  
Bwat Sejou  
pou lè ou pa ka  
deplase.



5.

Ede zanmi ak  
vwazen yo  
prepare yo.





## 1. RESEVWA ALÈT POU KONNEN SA POU W FÈ

Enskri pou resevwa alèt konte ou yo. Ale sou [CalAlerts.org](#). Ou kapab enskri tou pou aplikasyon **avètisman tranblemanntè MyShake** la.

### SISTÈM ALÈT KONTE LOKAL MWEN AN SE:

#### SISTÈM ALÈT LOKAL

#### LÒT SISTÈM ALÈT YO

#### Jwenn yon sous nouvèl ou ka fè konfyans

Lè yon katastwòf natirèl rive, ou dwe konnen sa k ap pase epi resevwa enfòmasyon ki ajou sou sa w dwe fè ak kikote ou ta dwe ale. Gen anpil fason pou jwenn enfòmasyon sa yo.



Televizyon



Radyo



Rele 211



Telefòn Fiks



Telefòn Selilè



Imel



Smatfòn



Rezo Sosyal



Radyo Ham

Jwenn estasyon radyo lokal ou an pou alèt ijans nan [ListosCalifornia.org](#).

### ESTASYON RADYO KOTE MWEN RETE/TRAVAY:

#### SITWÈB SOU RESOUS POU IJANS

##### [211CA.org](#)

Rele 211 pou konnen wout evakyasyon, abri yo.

##### [CalOES.ca.gov](#)

Gid, alèt ak resous Eta a.

##### [Response.ca.gov](#)

Nouvèl nan tan reyèl pou dife nan forè ak abri.

##### [Ready.gov](#)

Resous pou prepare w pou nenpòt katastwòf natirèl.

##### [ListosCalifornia.org](#)

Jwenn plis resous pou w prepare.

## 2. FÈ YON PLAN POU PWOTEJE MOUN OU YO: KONEKTE EPI PWOTEJE

Reflechi sou ki moun ou vle konekte avèk li pandan yon ijans. Sa yo gendwa se fanmi, vwazen, zanmi oswa moun k ap bay swen. Ekri non yo ak enfòmasyon pou kontakte yo. Pataje kopi avèk tout moun ki nan lis ou a.

Epitou chwazi yon moun deyò zòn kote w ap viv la ki p ap afekte pa katastwòf natirèl lokal ou a. Ou menm ak kontak ou yo ta ka anmezi pran kontak an sekrite avèk fanmi oswa zanmi lwen sa a, epi pataje ki kote ou ye.

### KONTAK POU IJANS

#### NON POU KONTAK

#### KONTAK DEYÒ VIL LA



TELEFÒN SELILÈ

TELEFÒN LAKAY

TRAVAY/LEKÒL

IMEL

TELEFÒN SELILÈ

ADRÈS

#### NON POU KONTAK

TELEFÒN LAKAY

TELEFÒN SELILÈ

TELEFÒN KAY

TRAVAY/LEKÒL

IMEL

TRAVAY/LEKÒL

ADRÈS

#### NON POU KONTAK

ADRÈS

TELEFÒN SELILÈ

TELEFÒN LAKAY

TRAVAY/LEKÒL

IMEL

ADRÈS



Eseye voye tèks mesaj si apèl nan telefòn lokal yo pa ka pase pandan yon katastwòf natirèl.





## 2. FÈ YON PLAN POU PWOTEJE MOUN OU YO: AKSYON POU EVAKYASYON

Si w pa an sekirite lakay ou, nan travay oswa lekòl akoz yon katastwòf natirèl, w ap gen pou w ale nan yon kote ki an sekirite epi rankontre ak moun ou sousye de yo. Anvan yon katastwòf natirèl, enprime oswa jwenn yon kat jewografik sou papye. Paske ou ka pa gen sèvis telefòn selilè, li ka itil pou mennen w an sekirite soti nan kote ou ye a.



Ou dwe prè pou ale nan direksyon ki pi an sekirite a, nan direksyon ki pi pre **kote ki an sekirite**, avèk ti avètisman.

### 1. Swiv konsèy otorite lokal yo.

Yo pral pataje enfòmasyon ki pi resan yo ak estasyon nouvèl yo epi yo pral konnen pi bon fason pou kenbe w an sekirite. Machasiv yo ta ka soti nan depatman ponpye, depatman cherif oswa lapolis, oswa nan men ofisyèl eli yo, tankou majistra oswa sipèvizè yo.



Koute nouvèl yo epi enskri pou resevwa alèt lokal yo nan **CalAlerts.Org**.

### 2. Aprann diferan fason pou w soti byen vit nan kominote w la.

Nan yon katastwòf natirèl, wout ki mennen nan sekirite a ka pa wout abityèl ou a. Katastwòf natirèl yo ka fèmen chemen ak wout otobis ou jeneralman pran yo. Abitye w ak plis fason pou chape poul ou pandan yon ijans. Fè antrènman deplasman sa yo avèk moun ki ta ale avèk ou yo. Nan fason sa a, ou pral konnen ki jan pou nou rete soude nan yon ijans reyèl.

### 3. Ou dwe prè pou ale nan kote ki an sekirite ou an.

Ou dwe gen Valiz pou Deplasman ou anbale. Ou dwe gen plan **Konekte epi Pwoteje** ou an plas ak Anyè Resous Lokal ou ranpli. Kontakte moun ou sousye w de yo, epi ki sousye de ou. Deside si li an sekirite, epi si li posib, pou ale lakay fanmi oswa zanmi. Sinon, jwenn yon abri publik.



**2-1-1**

Rele 211 sou telefòn ou pou w jwenn yon abri publik.

## 2. FÈ YON PLAN POU PWOTEJE MOUN OU YO: REPÈTWA RESOUS LOKAL YO POU KATASTWÒF NATIRÈL

Nan plan **Konekte epi Pwoteje** ou an, ou dwe ekri tou nimewo telefòn enpòtan yo ak sit entènèt òganizasyon ki ka ede w nan yon ijans.



### BON KONTAK YO NAN YON IJANS

#### DEPATMAN PONPYE/CALFIRE

##### TELEFÒN

##### SIT ENTÈNÈT

#### DEPATMAN CHERIF/LAPOLIS

##### TELEFÒN

##### SIT ENTÈNÈT

#### AJANS TRANSPÒ PIBLIK

##### TELEFÒN

##### SIT ENTÈNÈT

#### KONPAYI KOURAN

##### TELEFÒN

##### SIT ENTÈNÈT

#### KONPAYI GAZ

##### TELEFÒN

##### SIT ENTÈNÈT

#### KONPAYI DLO

##### TELEFÒN

##### SIT ENTÈNÈT

#### AJANS IJANS KONTE A

##### TELEFÒN

##### SIT ENTÈNÈT

### ÒGANIZASYON SIPÒ

#### ÒGANIZASYON SIPÒ

##### TELEFÒN

##### IMEL

##### SIT ENTÈNÈT

#### ÒGANIZASYON SIPÒ

##### TELEFÒN

##### SIT ENTÈNÈT

#### ÒGANIZASYON SIPÒ

##### TELEFÒN

##### SIT ENTÈNÈT



Rele 2-1-1 pou jwenn enfòmasyon sou wout evakyasyon ki an sekirite ak sou abri yo.



VALIZ POU  
DEPLASMAN

### 3. PREPARE YON VALIZ POU DEPLASMAN KI GEN BAGAY OU BEZWEN: ANBALE DAVANS

Pifò katastwòf natirèl yo rive sanzatann epi yo rive byen vit. Ou ka pa gen tan pou achte, oswa menm anbale. Anbale atik enpòtan pou chak manm fwaye w kounye a, konsa ou menm ak fanmi w ap jwenn sa nou bezwen pita.

#### POU ANBALE KOUNYE A

##### Dokiman

Kopi idantifikasyon ak asirans.

Papye kay, tit, ak lòt papye ki enpòtan pou ou.

Foto fanmi ak bèt domestik yo.



##### Lajan Kach

Ti biyè \$1 ak \$5.

Ekonomize yon ti kras alafwa.



##### Kat jewografik

Make diferan wout yo nan katye w la sou yon kat jewografik papye.



##### Lis Medikaman

Fè lis tout preskripsyon yo.

Lòt enfòmasyon medikal enpòtan.



##### Gid Sa a

Lis **Konekte epi Pwoteje** ranpli ou a ak **Repètwa Resous Lokal ou an**.

Lis ki **Prè pou Deplase** ak li a ou te ranpli a.



### 3. PREPARE YON VALIZ POU DEPLASMAN KI GEN BAGAY OU BEZWEN: PRÈ POU DEPLASE AK LI

#### ANBALE LÈ W AP PATI

- Bous oswa valiz ak kle
- Téléfòn ak chajè
- Medikaman
- Mask



VALIZ POU DEPLASMAN


#### BON POU PRAN SI W DEJA GENYEN

- Radyo pòtab
- Flach
- Materyèl premye swen
- Òdonatè pòtab



**Ekri isit la ki lòt bagay ou ta dwe pote pou tout moun nan fwaye w la.** Rad? Bwòsdan? Reflechi sou bezwen tibebe, gramoun aje, moun ki gen pwoblèm medikal oswa andikap, epi bêt domestik yo.





**BWAT SEJOU**

## 4. PREPARE YON BWAT SEJOU POU LÈ OU PA KA DEPLASE: ATIK ENPÒTAN YO

Pandan kèk katastwòf natirèl, li ka pi an sekirite pou w rete lakay ou. Ou ka pa gen dlo pou bwè, benyen oswa pou w flòch twalèt la. Ou ka pa gen kouran pou kenbe manje w frèt, pou limen yon limyè oswa chaje telefòn ou.

Ajoute atik nan yon **Bwat Sejou**, pou lè ou pa ka kite lakay ou. Prepare w pou omwen 3 jou san dlo oswa kouran. Ekonomize yon ti kras alafwa, jiskaske ou gen ase pou tout moun nan fwaye w la degaje yo. Sonje tout bêt kay yo. Si w déjà posede yon flach oswa yon radyo pòtab, kenbe yo yon kote ki fasil pou jwenn.

### POU ANBALE KOUNYE A

#### Dlo

Ekonomize jiska 3 galon pou chak moun, pou bwè ak pou lave.



#### Manje

Mete sou kote manje ki p ap gate epi ki pa bezwen kwit.

Ou konnen pi byen sa ou menm ak fanmi w renmen manje.



#### Sak Fatra

Mete sache plastik siplémentè sou kote, avèk atach, pou itilize nan yon bokit pou yon twalèt.



# 4. PREPARE YON BWAT SEJOU POU LÈ OU PA KA DEPLASE: ATIK ENPÒTAN YO

Ekri isit la tout atik enpòtan ou itilize chak jou ki ta ka fini si w bloke lakay ou pandan anpil jou. Mete sou kote yon ti kras anplis nan **Bwat Sejou ou an**, ou si w pa ka ale nan yon magazen.



**BWAT SEJOU**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---


---

---

---

---

---





## 5. EDE ZANMI AK VWAZEN YO PREPARE YO

Reflechi sou ki moun ki ta ka premye sou plas pou ede nan katye w la pandan yon katastwòf natirèl pandan w ap reflechi sou repons ou bay pou kesyon sa yo:

**KI MOUN KI LAKAY LA NAN FWAYE W PANDAN LAJOUNEN?**



**KI MOUN KI LAKAY NAN KATYE W KI KAPAB DISPONIB POU EDE W PANDAN LAJOUNEN?**

**E POU LANNWIT? NAN WIKENN?**

**KI MOUN NAN KATYE W LA KI KA BEZWEN ÈD?**




Lè w reflechi sou bagay sa yo, sa ap ede w prepare epi kòmanse konvèsasyon an avèk vwazen w yo.



Diske sou menm kesyon sa yo avèk vwazen w yo, pale ak yo sou ki èd yo ta ka bezwen, epi w dispoze pou ede yo kote w kapab.

# KALANDRIYE SEKIRITE ETAP PA ETAP

Ou pa oblige swiv kalandriye sa a egzakteman. Annik swiv kèk etap chak semèn, nan fason w kapab. Ou pral gen lapè nan tèt lè w konnen ou prè si yon katastwòf natirèl rive.



## SEMÈN 1

Anbale **Valiz pou Deplasman** pou chak moun nan fwaye w la.


Enskri pou alèt ijans lokal yo nan [CalAlerts.org](http://CalAlerts.org).



## SEMÈN 2

Kreye plan **Konekte epi Pwoteje** ou an pou fanmi, vvazen, moun k ap bay swen.

Pale sou plan ou an ak moun nan sou lis ou a.



## SEMÈN 3

Aprann diferan wout evakyasyon yo epi make yo sou yon kat jewografik.

Fè antrènman plan **Dakson Evakyasyon** ou an.



## SEMÈN 4

Kòmanse anbale yon **Bwat Sejou** pou w an sekirite epi konfòtab nan kay la.

Fè yon tikras alafwa, jiskaske w santi w prè.



# KONSÈY DEBAZ POU NENPÒT



**Pote Idantifikasyon:** Fanmi yo ka separe lè katastwòf natirèl rive. Moun ak bêt domestik yo separe.



- ✓ Tout moun ou sousye de yo dwe pote idantifikasyon.
- ✓ Mete idantifikasyon ekri nan sak lekòl timoun yo.
- ✓ Anvizaje yon etikèt oswa braslè alèt medikal.
- ✓ Ou dwe aktyalize etikèt ak mikwotchip bêt domestik yo.
- ✓ Foto fanmi ak foto bêt domestik yo ka ede nou reyini.



**Kreye yon Rezo Sipò:** Ou dwe gen yon plan bakòp nan ka ijans. Panse sou kimoun ou ka konte sou yo.



- ✓ Pale ak vwazen w yo sou bezwen yo, ak bezwen pa w yo.
- ✓ Diskite sou plan katastwòf natirèl yo ak moun k ap bay swen yo.
- ✓ Mande lekòl yo enfòmasyon sou plan pou reyini paran yo ak timoun yo.
- ✓ Planifye alavans pou jwenn asistan ki kalifye pou ede pandan evakyasyon yo.
- ✓ Pataje kle avèk zanmi ou fè konfyans pou sove bêt domestik ou yo.

# KASTAWOF NATIRÈL



## Ou dwe gen Medikaman Siplementè ak Sous

**Kouran:** Anpil moun pa ka pase twa jou san medikaman. Kèk nan yo bezwen kouran pou ploge ekipman ak aparèy yo.



- ✓ Pote medikaman anplis lè w ap kite kay la.
- ✓ Fè foto (oswa pote) lis doktè ak preskripsyon yo.
- ✓ Mande famasi a pou renouvre preskripsyon 30 jou yo nan 28 jou.
- ✓ Konsève dòz siplementè nan Valiz pou Deplasman ou a.
- ✓ Planifye pou kenbe medikaman an frèt epi chaje ekipman/aparèy yo.



## Diminye Strès: Planifye alavans pou diminye estrès fizik ak mantal.



- ✓ Rele **211** pou jwenn abri pou bezwen byen presi yo.
- ✓ Mete etikèt sou ekipman an anvan evakyasyon.
- ✓ Enskri pou alèt konpayi kouran ou a konsènan pàn kouran yo.
- ✓ Anbale materyèl medikal ak komunikasyon espesyalize yo.
- ✓ Planifye pou rekonfòte moun ki gen maladi Alzheimer oswa maladi mantal yo.



# KONSEY POU DIVÈS KALITE

Katastwòf natirèl yo difisil pou tout moun. Chak nan nou gen diferan bezwen lè y ap prepare pou yon katastwòf natirèl. Ou menm, oswa yon moun ou sousye w de li, ka benefisyé de planifikasyon davans yo. Reflechi kounye a sou fason pou rann eksperyans lan san danje epi konfòtab pou tout moun.

## PREPARE W



### Fanm Ansent yo

Mande doktè w la ki jan pou w jwenn swen oswa akouche pandan yon katastwòf natirèl.

Planifye davans pou evite move lè, dlo toksik ak manje ki danjere.

Di pèsonèl la nan yon abri ke w ansent.



### Paran Tibebe yo

Si w itilize fòmila, mete sou kote anpil dlo pwòp.

Jwenn oswa fè yon echap kò pou pote tibebe pou mache lwen ak tibebe a.

Konnen plan sekirite moun k ap pran swen timoun ou a.



### Responsab Swen yo

Kreye yon plan ijans ak benefisyè swen w lan.

Kreye yon rezo sipò ki depase tèt pa w.

Ede benefisyè swen ou a anbale pwovizyon ki nesesè yo.

# SIKONSTANS

Pale ak moun ou fè konfyans yo – nan klinik sante, lekòl, kominote reliye yo, gwooup sipò sante, etablisman rezidans asiste, ajans sèvis sosyal, sant lavi endependan. Men kèk konsèy sekirite ki ta ka ede.



## PREPARE W

### Moun ki gen Bèt Domestik

Ou dwe gen etikèy ID ak mikwotchip si sa posib.

Anbale manje, dlo, medikaman ak prèv vaksinasyon.

Rele 211 pou mande ki abri piblik ki aksepte bêt.



### Granmoun ki Pi Aje yo

Pote enfòmasyon kontak fanmi/moun k ap bay swen yo nan bous ou.

Mete nimewo fanmi ak nimewo ijans yo tou pre telefòn ou yo.

Aprann sou plan ijans kominote retrèt ou an.



### Kominote Riral yo

Pataje alèt atravè rezo ab telefonik ak rezo radyo ham.

Rankontre ak vwazen yo pou diskite sou kolaborasyon.

Planifye alavans pou evakye gwo bêt yo.



# KONSEY POU DIVÈS KALITE



## PLANIFYE ALAVANS



### Moun ki gen Andikap nan Developman yo

Identifie alye ou fè konfyans yo pou konte sou yo pandan yon katastwòf natirèl.

Fè yon plan ansanm ak rezo sipò sa a.

Fè antrènman plan w lan pou ede w santi w an sekirite.



### Moun ki gen Andikap nan Lapawòl/Kominikasyon

Pote yon fich esplikasyon sou fason pou kominike avèk ou.

Pote aparèy komunikasyon, kat fraz oswa tablo foto.

Konnen kijan pou ranplase aparèy asistans ou a si li andomaje/pèdi.



### Moun ki gen Andikap nan Mobilite ak Lòt Andikap Fizik

Planifye alavans avèk alye ou fè konfyans yo pou transpò.

Fè yon plan pou ranp/ray ki andomaje.

Evake san pèdi tan pou ba w tan anplis pou w soti an sekirite.

# SIKONSTANS

## PLANIFYE ALAVANS

### Defi pou Transpò

Fè aranjman pou pataje machin si w dwe evakye.

Mande si transpò piblik ka gratis apre yon katastwòf natirèl.

Aprann si sèvis pataj trajè yo pral ofri woulib gratis pou ale nan abri.



### Moun ki Limite nan Anglè

Jwenn sous kominotè ou fè konfyans yo pou pale sou opsyon sekirite yo.

Mande jèn bileng yo pataje etap sekirite yo avèk ou.

Chèche ki medya pou w swiv ki bay alèt ijans.



### Nouvo Rezidan Kalifòni

Aprann eleman debaz sistèm ijans la, tankou pou rele 211.

Mande kominote w la kijan katastwòf natirèl isit la diferan.

Jwenn sous ou fè konfyans nan ijans pi lwen pase leta.





# KONSÈY POU SEKIRITE: DIFE

## ANVAN



Avètisman Move  
Siyal vle di prepare  
KOUNYE A.



Planifye pou  
pàn kouran.  
Pa itilize bouji.



Jwenn bandana oswa  
mask pou pwoteje  
poumon.



Tcheke tiyo dlo ou  
a pou asire ke li  
fonksyone.



Netwaye dal yo.  
Retire raje tou pre  
kay la.

## PANDAN



Pa "rete tann ap  
gade". Pati lè yo  
di w pati!



Kite zòn ki  
gen lafimen  
yo byen vit.



Fèmen tout pòt ak  
fenèt yo. Fèmen  
èkondisyoné.



Louvri oswa retire  
rido, ched oswa  
pèsyèn.



Prepare bèt  
kay yo pou  
evakyasyon.

# KONSEY POU SEKIRITE: INONDASYON

## ANVAN



Kenbe tiyo tanpèt ak drenaj yo lib.

2  
↑

Deplase atik ki gen anpil valè yo nan etaj ki pi wo yo.



Jwenn prela an plastik, sak sab pou anpeche dlo antre.



Kite tank gaz machin nan omwen mwatye plen.



Aprann pi bon wout pou chape al nan tè ki pi wo.

## PANDAN



Pa "rete tann ap gade". Pati lè yo di w pati!



Pa janm mache nan dlo ki an mouvman.



Pa janm kondi nan zòn ki inonde.



Siveye glisman labou apre dife forè.



Siveye tsunami sou kòt yo apre tranblemanntè.



# KONSEY POU SEKIRITE: TRANBLEMANNTÈ



## ANVAN



Fikse mèb wo yo  
nan miray yo.



Pa kwoke anyen lou anlè  
yon kabann, kanape  
oswa chèz.



Jwenn aplikasyon  
MyShake gratis la pou  
jwenn avètisman sou  
tranblemanntè.



Pratike egzèsis sekirite  
tranblemanntè yo.



Aprann kijan pou fèmen  
gaz, kouran ak dlo.


## PANDAN



Pa kouri deyò.  
Mete w anba yon tab  
oswa yon biwo.



Rete nan kabann epi  
kouvri tèt ou ak yon  
zorye.



Deyò, deplase lwen  
nenpòt bagay ki ka  
tonbe.




Kanpe machin epi  
rete lwen batiman,  
pyebwa yo.



Prepare w pou lòt ti  
sekous yo apre gwo  
tranblemanntè a.

# KONSEY POU SEKIRITE: PÀN KOURAN

## ANVAN




Prepare flach ak lantèn – bouji pa ladan.

Kenbe batri telefòn yo konplètman chaje.



Kite tank gaz machin nan omwen mwatye plen.




Achte manje ki p ap gate epi ki pa bezwen kwit.



Achte glas pou kenbe manje oswa medikaman nan glasyè.

## PANDAN



Deploge aparèy/ elektwonik yo pou anpeche domaj.



Kite yon sèl limyè plogé.



Kite frijidè ak frizè ou fèmen.



Itilize jeneratè, recho kan ak griy deyò.



Pa itilize recho gaz ou an pou chofaj.



[LISTOSCALIFORNIA.ORG](http://LISTOSCALIFORNIA.ORG)

Jwenn plis resous pou w prepare.